

JÈM YO VIV NAN DLO AK NAN SIFAS KI SÈCH YO.

KI KOTE RISK LA YE?

Nou dwe konnen ki kote jèm yo ap viv pou kanpe pwopagasyon l epi pwoteje pasyan yo



- Dlo nan tiyo a san danje pou bwè, men li pa esteril. Li toujou gen kèk jèm ladan l.
- Anpil fwa, jèm ki nan dlo tiyo a pa yon pwoblèm pou moun ki an sante, men li kapab lakòz maladi lakay pasyan ki gen yon sistèm iminitè ki fèb.
- Jèm ki nan dlo a kapab pwopaje sou sifas yo epi atravè moun, epi lakòz domaj.
- Si enstriman ak ekipman medikal (tankou aparèy ak liy santral yo) vin imid, bakteri yo kapab grandi. Lè nou itilize aparèy yo, bakteri a kapab antre nan kò oswa nan san pasyan an, epi lakòz enfeksyon.

Jèm yo Kapab Viv nan Dlo

- *Acinetobacter*
- *Serratia*
- *Pseudomonas*
- *Legionella*



Tach Swen Sante ki Enplike Dlo

- Fè twalèt
- Netwayaj
- Lave Men

Mezi pou Kontwòl Enfeksyon pou Diminye Risk yo

- Netwayaj ak dezenfeksyon
- Aparèy pou esterilize
- Ijyèn men
- Itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl (gan, blouz, pwoteksyon pou zye)